

20 jen

**Men, kote peche a ogmante, gras la, li menm, de-
bòde.** Women 5. 20

**Kounye a... Bondye revele jistis li..., jistis Bondye
sa a, moun resevwa l dapre lafwa nan Jezi Kris. E,
li pou tout moun epi pou tout moun ki kwè.**

Women 3. 21, 22

Jodi a Jezi padone

Yo rakonte yon prens t ap mache nan lari lavil li a, nan peyi End, lè li remake yon gwoup moun. Yo mennen ba li, yon nonm yo bare k ap vòlè pou li ka pini l. Prens lan reponn sèlman : “Mwen pa nan tribinal, m fè nonm sa gras”. Apresa, li bay vòlè a konsèy pou li chanje konpòtman. Nonm sa a, ki kontan poutèt yo te libere l, te jwenn yon bèl okazyon pou li te ka vin yon moun onèt, men li te pito kontinye vòlè e menm rive touye moun. Aprè yo fin arete l epi mete l nan prizon, yo te mennen l ankò devan menm prens lan, men fwa sa a, devan tribinal. Li t ap tann padon ankò men yo te kondane l pou yo pann li. Petèt li te vin konprann, men malerezman, se te twò ta, li te pran woulib sou gras li te benefisyè a.

Bib la deklare, nou tout se moun ki enjis e pechè devan Bondye Sen an (Women 3. 10, 23). Men Bondye se lanmou tou (1 Jan 4. 8) e li revele nou gras mèwèye li a, li ba nou nan Jezi, ki te mouri pou fot ak peche nou yo (1 Korentyen 15. 3). Piga nou meprize bonte li. Bondye ba nou garanti, moun ki koute pawòl li, e ki kwè nan Jezi Sovè a, gen lavi etènèl. Li pa prale nan jijman, okontrè, li soti nan lanmò ale nan lavi (Jan 5. 24). Jodi a Jezi Kris se Sovè a ; yon jou li va jij sila yo ki refize padon li. “Nan pa rekonèt, se bonte Bondye k ap dirije ou pou w repanti, èske se pa meprize w ap meprize richès bonte Bondye, san sipòtan li, ak pasyans li ?” (Women 2. 4).

20 juin

Là où le péché abondait, la grâce a surabondé.

Romains 5. 20

Maintenant... la justice de Dieu est manifestée..., la justice de Dieu par la foi en Jésus Christ envers tous, et sur tous ceux qui croient. Romains 3. 21, 22

Aujourd'hui Jésus pardonne

On raconte qu'un prince parcourait les rues de sa ville, en Inde, lorsqu'il aperçut un attroupement. On lui amena alors un homme surpris en flagrant délit de vol afin qu'il le punisse. Le prince répondit simplement : "Je ne suis pas au tribunal, je fais grâce à cet homme". Puis il conseilla au voleur de changer de conduite. Cet homme, heureux d'être laissé en liberté, avait une belle occasion de devenir honnête, mais il préféra continuer à voler et finit même par tuer. Arrêté et emprisonné, il fut à nouveau conduit devant le prince, mais au tribunal cette fois-ci. Il avait espéré encore le pardon, mais il fut condamné à la pendaison. Peut-être comprit-il, malheureusement trop tard, qu'il avait abusé de la grâce dont il avait bénéficié.

La Bible déclare que nous sommes tous injustes et pécheurs devant le Dieu saint (Romains 3. 10, 23). Mais Dieu est aussi amour (1 Jean 4. 8) et il nous révèle sa grâce merveilleuse accordée par Jésus, mort pour nos fautes et pour nos péchés (1 Corinthiens 15. 3). Ne méprisons pas sa bonté. Dieu nous assure que celui qui entend sa parole, et qui croit en Jésus le Sauveur, a la vie éternelle. Il ne viendra pas en jugement, mais il passe de la mort à la vie (Jean 5. 24). Jésus Christ est aujourd'hui le Sauveur ; un jour il sera le Juge de ceux qui auront refusé son pardon. "Méprises-tu les richesses de sa bonté, de sa patience et de sa longue attente, ignorant que la bonté de Dieu te pousse à la repentance ?" (Romains 2. 4)